

FIFA: Avi Vwayaj pou New England (Paj 2)

REKÒMANDASYON – PANDAN YON RANKONT AK AJAN APLIKASYON LALWA YO


- 1** Rete kalm epi evite rezistans fizik. Anrejistre entèraksyon an si ou nan yon espas piblik epi si sa pa mete ou an danje.
- 2** Mande pou wè idantifikasyon ofisyèl yo. Anrejistre entèraksyon an si ou nan yon espas piblik epi si sa pa mete ou an danje.
- 3** Si yo arete w: mande imedyatman pou kontakte konsila peyi ou si ou se yon sitwayen etranje. Pou sitwayen ameriken yo, fè konnen sitwayènte ou epi mande aksè ak dokiman ki pwouve sa.
- 4** Dokimante non yo, nimewo badj yo, kote ensidan an fèt, ak temwen yo depi sa posib epi san danje pou fè.
- 5** Si ou pa kapab dokimante anyen ou menm, mande lòt moun pou fè sa lè yo anrejistre, pran foto, oswa ekri enfòmasyon yo.
- 6** Si ou wè moun ap anrejistre, di non ou ak nasyonalite ou, epi mande yo voye videyo a bay konsila oswa anbasad peyi ou.

REMAK: Si lapolis lokal oswa lapolis eta a arete ou pou akizasyon kriminel, ou genyen dwa pou jwenn yon avoka gouvènman an nonmen pou ou ak yon apèl nan telefòn prive, epi ou ta dwe mande sa imedyatman. Si ICE oswa Border Patrol kenbe ou, ou genyen dwa pran yon avoka. Gouvènman an pa bay ou avoka men yo sipoze bay yon lis opsyon gratis oswa a pri redwi. Ou genyen dwa pou yon avoka vin vizite ou pandan arestasyon an. Ou genyen dwa tou pou avoka ou prezan avèk ou nan nenpòt odyans devan yon jij imigrasyon.


ASISTANS AK RESOUS YO

Si yo arete ou nan:


Connecticut



Maine




Massachusetts




New Hampshire



Rhode Island



Vermont



OU WÈ AJAN ICE YO?

PATAJE ENFÒMASYON,
PA PANIKE

Kantite - Konbyen ajan / ofisye ki la?

Aktivite - Kisa yo ap fè?

Kote - Adrès oswa entèseksyon / katye a

Inifòm - Lèt, mak, oswa etikèt ki vizib sou jakèt, vès, oswa machin yo

Lè - Kilè ou te temwen sa?

Ekipman - Ki ekipman yo genyen avèk yo?

LIY DIRÈK POU REPONS RAPID

Jistis pou Migran nan Vermont
(Vermont Migrant Justice)
802-881-7229

Rezo Solidarite nan New Hampshire
(NH Solidarity Network)
978-219-7586

Repons Rapid nan New Haven
(New Haven Rapid Response)
854-666-4472

Kowalisyon pou Dwa Imigran nan Maine
(Maine Immigrants' Rights Coalition)
207-544-9989

Ekip Repons Rapid nan Washington Valley
(Washington Valley Rapid Response Team)
603-726-6680

Rezo jistis pou Imigran LUCE nan Massachusetts
(LUCE Immigrant Justice Network of Massachusetts)
617-370-5023

AMOR Rhode Island Defense Line
(AMOR Rhode Island Defense Line)
401-675-1414

AVÈTISMAN AK PWOCHEN ETAP YO

Avi sa a baze sou rapò dokimante, pwosè legal, ak ankèt ki dekri arestasyon, kesyonman, ak depòtasyon ki afekte touris, vizitè, rezidan legal, ak sitwayen ameriken. Objektif li se enfòme moun k ap vwayaje yo sou risk ki vin ogmante yo epi rekòmande mezi prekosyon pou moun k ap planifye patisipe nan evènman FIFA 2026 yo Ozetazini. Sitiyasyon an kapab chanje rapidman – kondisyon yo ak fason aplikasyon lalwa yo fèt kapab varye selon kote a ak selon moman an.